Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2024-jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi ámeldegi bahalarda 15 748,8 mlrd. somdı quradı hám 2023-jıldıń yanvar-iyun ayları menen salıstırǵanda 5,7 % ke ósti.

JAÓ deflyator indeksi 2023-jıldıń yanvar-iyun ayları bahalarǵa salıstırǵanda 110,8 % ti quradı.

Ózbekstan Respublikası boyınsha JAÓniń qáliplesiwinde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 2,8 % ke jetti.

## 2024-jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında islep shıǵarılǵan jalpı aymaqlıq ónim






JAÓ ósim páti
JAÓ kólemi
JAÓ deflyator indeksi
JAÓge qosqan úlesi

## 2023-2024-jıllardıń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓniń islep shıǵarıw kólemi hám ósim pátleri

| | *Mlrd. som* | | **Ósim pátleri,** *Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te* |
|---|---|---|---|
| | *2023-jıl* | *2024-jıl* | |
| **I. JAÓ, jámi** | **13 444,7** | **15 748,8** | **105,7** |
| *sonnan:* | | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 12 469,7 | 15 073,6 | 105,8 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 975,0 | 675,2 | 105,1 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **12 469,7** | **15 073,6** | **105,8** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **2 525,6** | **2 798,5** | **103,9** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **4 002,3** | **4 995,4** | **107,8** |
| sanaat | 2 910,6 | 3 746,3 | 107,4 |
| qurılıs | 1 091,7 | 1 249,1 | 108,6 |
| **xızmetler** | **5 941,8** | **7 279,7** | **105,3** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 806,9 | 960,0 | 110,4 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 927,8 | 1 184,0 | 104,3 |
| basqa xızmetler | 4 207,1 | 5 135,7 | 104,5 |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN



Tómende keltirilgen infografikadan kórinip turǵanı sıyaqlı, xalıq jan basına esaplanǵan JAÓ 7 839,5 mıń somdı qurap hám bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 4,3 % kóbeygen.

## 2023-2024- jıllardıń yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓniń kólemi *(mıń somda)*

| | |
|---|---|
| 2023-jıl | 6 785,1 |
| 2024-jıl | 7 839,5 |

## 2023-2024- jıllardıń yanvar-iyun aylarında xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓniń ósim pátleri *(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*

| | |
|---|---|
| 2023-jıl | 98,2 % |
| 2024-jıl | 104,3 % |

## 2023-2024-jıllardıń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓniń quramı

*(jámine salıstırǵanda % te)*

| | *2023-jıl* | *2024-jıl* |
|---|---|---|
| **I. JAÓ, jámi** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 92,7 | 95,7 |
| ónimlerge bolǵan salıqlar | 7,3 | 4,3 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **20,3** | **18,6** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **32,1** | **33,2** |
| sanaat | 23,3 | 24,9 |
| qurılıs | 8,8 | 8,3 |
| **xızmetler** | **47,6** | **48,2** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 6,5 | 6,4 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 7,4 | 7,9 |
| basqa xızmetler | 33,7 | 33,9 |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN

2024-jıldıń yanvar-iyun aylarında aymaq ekonomikasınıń barlıq tarmaqlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi ulıwma JAÓniń 95,7 % in, ónimlerge sap salıqlar bolsa 4,3 % in quradı.

Esabat dáwirinde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓniń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi 18,6 % ti, sanaat tarawı 24,9 % ti, qurılıs 8,3 % ti hám xızmetler tarawı 48,2 % ti quradı.

## 2023-2024-jıllardıń yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı *(jámine salıstırǵanda % te)*

**2023-jıl**



7,3%

20,3 % *Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı*

23,3 % *Sanaat*

8,8 % *Qurılıs*

47,6% *Xızmetler*

**2024-jıl**



*Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı* 18,6 %

*Sanaat* 24,9 %

*Qurılıs* 8,3 %

*Xızmetler* 48,2 %

4,3 %

*Jalpı qosılǵan qunı*

*Ónimlerge bolǵan salıqlar*

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍĞARÍLĞAN



JAÓ ósiwine awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarmaǵı 0,7 p.p. (2023-jıldıń yanvar-iyunında - 0,4 p.p.), sanaat tarawı – 1,6 p.p. (2023-jıldıń yanvar-iyunında - unamsız 2,4 p.p.), qurılıs tarawı - 0,7 p.p. (2023-jıldıń yanvar-iyunında - unamsız 0,5 p.p.) hám xızmet kórsetiw tarawı – 2,3 p.p. (2023-jıldıń yanvar-iyunında – 2,2 p.p.) unamlı úles qostı.

Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ 0,4 p.p. (2023-jıldıń yanvar-iyunında - unamsız 0,2 p.p.)ke kóbeygen.

**2024-jıldıń yanvar-iyun aylarında**
**JAÓ ósiwinde tarmaqlardıń úlesi**
**(jámine *salıstırǵanda % te)***



2024-jıldıń yanvar-iyun aylarında JAÓniń ósiwi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarmaqlarıdaǵı unamlı ósiw pátleri menen baylanıslı. Ósiw pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında 103,9 % (JAÓniń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi – 18,6 %), sanaatta – 107,4 % (24,9 %), qurılısta – 108,6 % (8,3 %), xızmetler tarawında – 105,3 % ti (48,2 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında ósiw pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 110,4 % (6,4 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 104,3 % (7,9 %) xızmet kórsetiwshi basqa tarawlarda 104,5 % (33,9 %) ten ibarat boldı.

## 2023-2024-jıllardıń yanvar-iyun aylarında JAÓniń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri

*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*

| 2023-j. | | 2024-j. |
|---|---|---|
| -0,5 % | JAÓ | 5,7 % |
| 2,6 % | Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 3,9 % |
| -9,4 % | Sanaat | 7,4 % |
| -6,0 % | Qurılıs | 8,6 % |
| 5,8 % | Xızmetler | 5,3 % |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN



2024-jıldıń yanvar-iyun aylarında JAÓ deflyatori indeksi 2023-jıldıń yanvar-iyun aylarındaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 110,8 % ti quradı. JAÓ deflyatori indeksiniń eń joqarı kórsetkishleri sanaat taraw – 119,8 % hám xızmetler tarawıda – 116,4 %.

## JAÓniń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi

*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*

| | 2023-j. | 2024-j. |
|---|---|---|
| JAÓ | 104,5 % | 110,8 % |
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 112,8 % | 106,6 % |
| Sanaat | 95,1 % | 119,8 % |
| Qurılıs | 106,5 % | 105,3 % |
| Xızmetler | 112,6 % | 116,4 % |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN

2024-jıldıń yanvar-iyun aylarında kishi isbilermenlik 7 938,5 mlrd. som (2023-jıldıń yanvar-iyun aylarında – 6 596,5 mlrd. som). JAÓdegi úlesi 52,7 % ti (2023-jıldıń yanvar-iyun aylarında – 52,9 %) quradı.

Kishi isbilermenliktiń JAÓdegi úlesiniń ótken jılǵa salıstırǵanda azayıwı iri kárxanalar úlesiniń ósiwi menen baylanıslı.

## Kishi isbilermenliktiń kólemi hám JAÓdegi úlesi

*(jámine salıstırǵanda % te)*



| | Kólemi, mlrd.som | Úlesi, % te |
|---|---|---|
| 2023-jıl | 6 596,5 | 52,9 % |
| 2024-jıl | 5 938,5 | 52,7 % |

